

**IJAMBO RISHIKIRIJWE NA NYENICUBAHIRO UMUKURU**  
**W'IGIHUGU C'UBURUNDI KU MUSI MUKURU WAHARIWE**  
**UBUMWE BW'ABARUNDI**

*(Gitega, 6 Ruhuhuma 2023)*

1. Imyaka 32 irarangiye Abarundi biyemeje amasezerano y'ubumwe bwabo, aho naho hakaba hari kw'igenekerezo rya 5 Ruhuhuma umwaka w'1991.

Kuri uyu musi rero Munkundire tubanze dushimire Imana Mushoboravyose, yoyo yatugiye imbere, ikarungika mutima Mweranda akosha abarundi gusubiza hamwe. Nihabwe icubahiro kandi yame idufasha kuvomera ubumwe bwacu imisi yose.

Bavukanyi banje,

2. Ubumwe bwacu bwamye bukomezwa n'uko Abarundi bose basangiye igishitsi kimwe: Turi benemugabo umwe Burundi; dusangiye itongo rusangi ari ryo rya Sebarundi; Twemera Imana imwe, tukavuga ururimi rumwe, ikirundi.
3. Bisubiye, kuva kera na rindi, abarundi bavoma hamwe imico n'imigenzo, bakagira umwami umwe, n'ivyariho vyawe vyamwunganira mu butumwa bwo kuba umuvyeyi mu muryango. na kare bamye bavuga ko *“Umwami agirwa n'abagabo”*.

**4. Ubwo bumwe kandi bwatsimbatazwa n’akarangamutima kamyeye karanga abarundi nako kakabonekera mu mico, akaranga n’imigenzo.**

Ivyo navyo bikaba vyigaragariza ku urukundo, ugufashanya, no gutabarana ata buryarya burimwo.

Hariho imico yabagarira ubwo bumwe, nko kugemuriranira, gushumbushanya, gukukirizanya ikivi, kugabiranira, gushigikirana mu vyago, kurengereza ijoro umubanyi n’ibindi.

**5. Ubumwe, aho buri burivuga, bukibonekeza atawurinze kuburata. Ahari ubumwe, umuntu yiyumva mu bandi, ntaho atinya guhonyora.**

Mu gihugu haba ubumwe iyo abenegihugu basangiye umutima n’inama. Muri ico gihe, umwe wese aricisha bugufi akabona ko mugenziwe amuruta kuko hari ico afise amushakako nakare ntawishoboye muri vyose. Umwe wese arakeneye rero uwundi.

Mu gihugu kandi haba ubumwe iyo abenegihugu bose bafise uburenganzira bungana kw’itunga rusangi.

**6. Aha rero duca twumva uruhara rw’indongozi. Indongozi ni nk’umuteretsi. Aho mu mihana iwanyu muragira imanza kandi murashinga umuteretsi. Turamaze kubibona, ntawutora umuteretsi w’inda mbi canke w’umukunzi w’inda.**

Iyo mutoye umuteretsi w’umunyamwina, abanza gusama amagara yiwe n’ayabiwe abandi akabibuka abaha imvuzo. Iyo aravye nabi naho, asanga abatumire bivumbuye, nyene

urubanza agasigara aramaramara. Nico gituma atawutora umukunzi w'inda ngo asangize abana.

7. Indongozi mu gihugu ni nk'umuteretsi shebuja yashinze gutunganya ivy'urubanza kugira abigire neza ntihagire n'umwe abura.

Mbere mu mico n'imigenzo y'Uburundi, n'umukenke w'injabuka wamyeho. Nico gituma mu gihugu cacu abanyamahanga bahiyumvamwo.

Indongozi iserukira igihugu. Itegerezwa kumenya ko abenegihugu bose bangana kandi niko vyari kuva kera; umwami nico gituma yitwa Sebarundi kuko yaserukira igihugu catuvyaye. Ubwo ivyo turabizirikana, ko ari akaranga k'Uburundi?

Nitwaba tubizirikana, ni kuki duhimbaza uyu musu wa gatanu ruhuhuma kandi twavuze ko ubumwe atari umuhayo, bwivuga aho buri?

8. Ubu ni igihe co gusigurira urwaruka rw'ubu igituma uyu musu tugira umusi mukuru w'ubumwe kandi atariko vyahora.

Incungu ya Demokarasi, Nyenicubahiro NDADAYE Melikiyoro niwe yavuze ati ubumwe si umuhayo kandi si urugoto. Yabivuze kuko yabona ko abarundi bahindutse bakamera nka ba bafarizayo yezu yaheba akita ba berakumenyo, abiyorobetsi.

**9. Ahari ubumwe, nturinda kubiririmba, ico tuzi ni uko vyibonekeza kuko ahari ubumwe haba amahoro n’umwumvikano. Ahari amahoro naho umuhoro uramwa.**

**Haracye igihe rero, igihugu cahungabanye, bwa bumwe bwaranga abo hambere buragenda amazimayongo.**

**Igihugu carigungiwe n’akagwi k’abantu, mbere uwubaravye mu kanwa bakamugandagura.**

**Mu masezerano ya Arusha niho babivuze neza ko inkomoko y’indiyane twacyemwo yamutse kubashaka kwigungirako ubutegetsu abandi nabo bagashaka kubushikira. Icyunyuye ni uko abo bose barondera umugwi w’abarundi bokwishimikiza kugira babakomeze.**

**10. Iryo vyose bica vyunyurwa n’ukudatuhura neza ico ari co ubutegetsu bw’igihugu no gutuhura ico ari co indongozi. Iryo ni vyo vyatumye haba indiyane mu gihugu mbere zashikanye no kugahomerabunwa, indongozi zigategura guhonya ubwoko mu gihugu.**

**11. Ubwicanyi bwabaye atacamira nibwo bwatumye abarundi bicamwo imice, haramera mu gihugu inzigo y’inziyira, hatangura ivyo kwihorahorana.**

**Nitwaba rero uno musu turiko turasubirana, ni uko twasubije agatima mpembero, dutangura kurema umurundi mushasha azira amacakubiri, afise umutima wo kubana neza n’abandi.**

**12.** Twubakiye rero ku masezerano y'ubumwe, ari nayo duhimbaza uyu musu kuko yatubereye umuhivu udacika, utwungira ubumwe.

Ayo masezerano yabaye kuko Abarundi badohotse kw'iragi rya basokuru, bihweje ukuntu ubwicanyi bwama bwisubiriza uko bukeye uko bwije kandi butunganwa n'abari kubanguranya.

**13.** Mu bintu vyatosekaje ubumwe bw'Abarundi, hariho ubwa mbere intwara za bakavamahanga baje baducanishamwo, kugira ngo biborohere gushika ku ntumbero yo kunyaga itunga ry'Uburundi.

Ivyo babigize kuko bari babonye ko abarundi bakunda igihugu cabo, atawokibanyaga, bafatiye kukugene bagwanije Rumaliza n'ingabo ziwe bashaka gutwara abarundi ngo babagire abagurano. Abarundi barahagaze nk'umugabo umwe, bararahira bararengwa ko ata murundi n'umwe abavamwo.

**14.** Babigize kandi babonye ingene abarundi, kubera umutima wo gukunda igihugu bahanganye n'intwaramiheto z'abadagi imyaka ishika indwi igahera abadagi batarafata igihugu kandi bakoresha ibigwanisho bicira umuriro abarundi bakoresha amacumu n'imiheto.

**15.** Bamaze kuducamwo imice, baratwankishije uburundi mu kutwambura kwitwa abarundi, tukitwa abahutu, abatwa n'abatutsi.

Umurundi ntiyari akibona uwundi murundi nka mwenewabo, yari azi ko mwenewabo ari uwo basangiye umugwi gusa. Mvuze umugwi kuko mu vyukuri gushika n’ubu ndashinga intahe kandi ndavyemanga ko ata bwoko bwinshi buri mu Burundi, twese turi ubwoko bumwe.

**16.** Mu nyuma harabaye uguhemuka mu ndongozi z’abarundi b’inda ndende, maze baguma mu nzira y’amacakubiri. Mvuze indongozi kuko nta mwenegihugu agira amacakubiri kuko ntaho yokumirira uwundi. Umwe wese ataha iwe, arima iwe agaca igitoki iwe kandi akakigana mu mwidegemvyo.

Abenegihugu barondera umutware umwe wese kubimwerekeye, ntawukumira uwundi ngo ntabone indongozi. Indongozi ni zo zigira amacakubiri mukugira nkunzi na nyagupfa, mukugira umwana n’ikinono.

**17.** Indongozi rero zimaze kwizizirwa n’umutima wo kudakunda igihugu, nizo zacye zikwega n’umudugararo mu gihugu; umwe agashaka gukwegakwega abiwe ngo batere abuwundi. Ni aho havuye imigwi ikebana mu gihugu.

Nagira ndabamenyeshe ko naho indongozi gito zaduciyemwo imigwi, jewe ndazi ko ata muhutu yanka umututsi ngo ni uko ari umututsi, ata mututsi yanka umuhutu amuhora ubuhutu; co kimwe no kuruhande rw’abatwa.

Urwanko muzobona ruterwa n’indongozi zishaka guhimbaza aba, zigatuntuza bariya, abakumiriwe n’inzo ndongozi

bakababazwa n'uko hari umugwi uriko urya itunga rusangi abandi barorera.

**18.** Uyu musu umuntu yokwibaza igituma abarundi bashitse ku masezerano y'ubumwe bw'abarundi, hadaciye n'umwanya urume rumara, ubumwe bugaca buhungabana.

Ehe namwe raba! Amasezerano yatowe muri ruhuhuma 1991; ariko muri munyonyo uwo mwaka nyene, ubwicanyi bufatiye kuri ya migwi bwaciye busubira, kandi ata myaka itatu yari bwahere ubwicanyi bw'agahomerabunwa bubaye muri komine za Ntega na Marangara.

Bukeye kabiri, mu 1993 naho nyene vyabaye irango kuko abarundi bamaze imyaka icumi bicana hagati yabo. Igihugu cose turagisambagura.

**19.** Abarundi twari twamaze gutegera akamaro k'ubumwe mu bonse rimwe, igihe twitorera amasezerano yabwo yo ku wa 5 Ruhuhuma 1991.

Ariko tubiravye neza, twokwemeza ko indongozi zayashigikiye nk'urugoto kuko ni zo nyene zaciye ziyarengako.

Ni co gituma, naho twaciye tuyahonyanga, yoyo ntaho yaroye, uyu musu ni umwanya wo kwigira inama kugira ducire imoso, ntibigasubire.

Ivyo rero bidusaba gukubita agatima mpembero kuvyo twiyemeje muri ayo masezerano. Kandi ntihagire uwigira sindabibazwa ngo sinari bwavuke canke ngo sinari bwagere

gutora. Ayo masezerano aturaba twese kuko mu ngingo isozera ayo masezerano zivuga ko *“Aya masezerano ni indahiro ntarengwa. Abarundi twese tuyashingiye intahe kugira ngo dutsimbataze ubumwe bwacu. Twemeye icese kuzokwama tuyubaha, tuyubahiriza kandi tuyagwanira.*

*Umurundi uwo ari we wese, yaba uwuriho canke uwuzovuka azoyarengako, kiretse ko azohanwa n’amategeko, azoba ahemukiye Uburundi n’abarundi bose”.*

- 20.** Umusi wa gatanu ruhuhuma rero si uw’ibirori gusa, ni umusi uduha akaryo ko gukabura, utwibutsa uruhara n’uburemere ntasubirizwa bw’ubumwe twarazwe na basokuru, maze tukabona kwisuzuma no kwinegura aho twatsitaye tukarwa, kugira ngo ntiduhereyo ahubwo twivyukiranye, tuvuyuke twibuka ko turi bamwe, dusangiye impetso imwe ari bwo Burundi.

Barundi, Barundikazi,  
Bagenzi b’Uburundi;

- 21.** None rero twisuzume, dusubize agatima impembero, duheze twigire inama.

Uyu mwaka duhimbaje uwu musu mukuru ku civugo kivuga ngo: *“Indongozi ni zo nkingi n’inkinzo y’ubumwe bw’abo zirongoye: Tubere abandi akarorero”.*

Dushimikiye ku ndongozi kubera ko twabonye neza, nkuko nabivuze, ko atamwenegihugu akwiwe kugira amacakubiri.



None wewe umuntu womukumira ngo umukure he, umushire hehe?

Twafashe ico civugo kuko, twarabibonye muri kahise, mu mabi yagiye arashikira igihugu cacu ubumwe bugahungabana, ivyo kenshi bikaba vyava ku burongozi bubi bwacanishamwo abonse rimwe mukubankisha abandi no kubakumira, kubera gucambirwa ivyicarwo.

**22.** Indongozi ibereye, itegerezwa kugira akarangamutima k'ibanga n'ibango, igaharanira inyungu z'igihugu ijejwe kurongora. Mvuze igihugu nshaka kuvuga abantu bakigize. Ni indongozi ishobora kwihebera abandi ikabitangira, ikemera guheba inyungu zayo kugira ngo abo ijejwe bamererwe neza. Indongozi mu gihugu yigenza nk'umuvyeyi mwiza mu muryango.

**23.** Uwugendera iryo banga n'akarangamutima k'indongozi nziza, ategerezwa kwibaza ati: Mbega iri hanga nashizwe imbere kugira ngo ndariyobore ndiko ndarijana he? Ndarimariye iki? Inzira itazigura kandi itazimiza noricanamwo yoba iyihe?

Inyishu nziza kandi itomoye y’ivyo bibazo iboneka mu gihe ufitiye urukundo igihugu cawe, abo ujejwe, ukabegera ukamenya ingorane bafise, ivyipfuzo vyabo n’iryo bagona.

None ivyo urabikora ga wa ndongozi we!

Uri indongozi y’ukuri, iharanira ubumwe bw’abo ajejwe, ntiwicara mu biro ngo urindire ivyegeranyo abahanuzi baguha gusa, kuko kenshi usanga harimwo ab’amacandya, abanka igihugu n’abasavyi bakubesha.

Utegerezwa kugendera abo ujejwe mu kibonanira amaso mu yandi, bakakubwira iryo bagona.

**24.** Kuba indongozi ni umuhamagaro kandi ni Imana yo nyene ikwitorera ikagena ivyo uzoyikorera mu bantu. Kandi umwe wese azotanga icegeranyo c’ivyo yakoze. Wewe rero uri indongozi, Imana yaguhaye vyinshi izokubaza vyinshi.

Emera rero kuba ndayahundwa, ntuhunge canke ngo uzibukire ibibazo vy’abenegihugu, wemere uruhe, urazwe ishingira no kubona ihanga washinzwe ritunganiwe.

Iyo rero indongozi ikunze abo irongoye, bigira ingaruka nziza kuri yo kuko na bo barayikunda, bakayigamburukira; ikiyago c’imigambi kikaba umunoni, maze bagasenyera ku mugenzi umwe, na kare ngo: *“Abadasezeranye ntibajana”*.

**25.** Indongozi ihagararira amategeko, imico n’imigenzo y’igihugu, ikubahiriza kutarenga ku muziro, ikagendera Ubuntu mu kubiba ubumwe n’urukundo mu bantu.

Kurya k'umwungere aragira ubusho bwiwe ahadatembera canke ku manga, ni ko n'indongozi itegerezwa kwegeranya abo irongoye mu muhora umwe, kugira ngo bumve ko bari mu ruhongore rumwe.

Itegerezwa kandi kwicisha bugufi, ikumviriza impanuro, ikamenya ko n'abandi bafise umuhamagaro; ikamenya ko aho iri higeze abandi, kandi ko n'ejo hazoba hari abandi.

**26.** Kubera imitima mibi yinjiye mu Barundi, benshi bazi ko kugira uburenganzira bungana mu gihugu ari uko uhabwa icicaro mu burongozi, kubera ko uburongozi babufashe nk'ubuzima.

**27.** Iryo ndabivuze kuko hariho abumva ko kugira uvuge ko ata macakubiri ari mu gihugu bose bategerezwa kuba indongozi.

Abibaza uko nibo icyo bahashitse baca babona ko bahawe n'ubwoko, intara canke igitsina.

Indongozi yomenya ko ari uwambere, yashizwe imbere ariko angana n'abandi benegihugu mu bijanye n'ubuzima bw'umuntu.

Barundi benewacu,

Ncuti z' Uburundi;

**28.** Itituka ry'imigenzo-runtu n'ingeso nziza mu ndongozi vyaratumye ubumwe bw'Abarundi butosekara, bivuye ku kutavugana ukuri, agatima ko kwikunda no gukumira abandi,

kugendera ku mabwire y'abansi, n'ibindi. Ivyo vyatumye zidasubira kuba inkingi n'inkinzo vyubakiweko ubumwe bw'Abarundi, ziba inyanduruko z'ivyago vyashikiye igihugu cacu.

**29.** None rero tumenye imitego twaguyemwo kugira ngo twubake uburundi bushasha, buzira amacakubiri.

Umutego wambere wabaye kwankishwa igihugu niyo nyanduruko ya vyose.

Abarundi bamaze kwamburwa akarangamutima k'abarundi bakambikwa ubwoko, igihugu baciye bacibagira. Indongozi nazo zamuka muri abo Barundi, zigakurana ico gicumuro c'inyanduruko: Kwitwa ubwoko aho kwitwa umurundi.

Tubanze imbere ya vyose dutegere neza ko abarundi twese dufise ubwoko bumwe, ubwoko bw'abarundi, bavuga ikirundi basangiye ingovy yaduhetse twese ari yo Burundi.

**30.** Umaze kwanka igihugu, ntushobora kugikorera. Ahubwo uragifutanya, ukakinyaga n'utwo cari gifise. Ni ico catumye indongozi zititwararika iterambere ry'igihugu, ntizagira n'umutima wo kucubaka.

Ndetse twese abarundi murabona inyifato yacu, no gushariza igihugu biratunanira kubera umuntu ashariza ico akunda agasiga ico yiyumvamwo.

Kwanka kugirira isuku igihugu, kwanka kugiteramwo amashurwe burya vyerekana akari ku mutima. Gusukura inzu

yawe, ugashiramwo amabara meza ariko imbere y'inzu yawe ntuhasharize ngo ahashire amatara, ngo asibure imiserege ayikuremwo umwavu vyerekana agatima ko kudashaka ko abandi banezerwa bahageze.

Kwanka gukorera igihugu ngo ugitungishe, vyerekana umutima wo kwankiriza abandi ngo bohava bungukira kubikorwa vyawe.

**31.** Umaze kwanka igihugu kandi wanka n'abantu baco. Harya twanka gushariza imbere y'aho tuba, vyerekana ko utipfuzwa ko abantu bokwumva akanyamuneza bashitse imbere yaho ubaye. Gukubura mu nzu ugakuburira mw'ibarabara, vyerekana ko abandi naho wobatera ingwara bitakuraba.

Uwanka igihugu yanka no kucitangira, yanka kurinda itunga ryaco mbere ahubwo akagisahura n'utwo cari cificiye. Ni iyo ngendo yatumye higanza ubugunge, ibiturire, no kunyonora itunga ry'igihugu. Umuntu yiba ivy'igihugu, vyerekana ko afise umutima wo kucanka.

**32.** Bisubiye, umaze kwanka igihugu wanka n'amategeko yaco. Amategeko niyo ashinga inyifato abantu bose bategerezwa gukurikiza. Ni yo aca inzira ibanguranya abikunda. Iyo rero wanse amategeko, uba wase ubumwe kuko uba ushatse kuba agasimbirahamwe canke bugabo bwigaba.

Amategeko atuma haba impore hagati y'abenegihugu kuko ntabwo honyora ku gakanu uwundi. Umwumvikano nawo ukaba ari ikimenyetso c'ubumwe.

**33.** Murumvise rero imitego twagiye turagwamwo twese abarundi. None rero hagize n'indongozi ziva muri abo Barundi. None uwufise iyo migenzo yokwungura iki abenegihugu. Impumyi ntirongora iyindi.

None rero indongozi zose nizimenye ko zatowe zikiri muri uwo mutima; ziheze zivyukiranye zigire ico zirushije abandi.

Ndongozi mwese! Ni mwebwe muhagarariye igihugu ari co kitwungiyeye ubumwe kuko tugihurirako twese.

Ni muhabere abagabo, mutangure mwebwe nyene mwerekane ico murushije abandi mu gukunda igihugu, mutange umwizero.

**34.** Ni mwamara gukunda igihugu, mube akarorero mukugikorera, mu kugishariza no mukugitungisha. Mumenye yuko igihugu citangirwa, none ukinyaga n'utwo cari cifitiye wovuga gute ko ugikunda?

**35.** Indongozi niyamara gukunda igihugu, izokunda beneco kandi abakingire ntibagire ingorane. Ntazokwigungirako ahubwo azobungabunga ivy'igihugu, abigwize hanyuma abisabikanye bese.

Niyamara gukunda igihugu azohagararira amategeko kugira bese abakingire kumwe kandi bayubahe kumwe.

Indongozi niyamara gukunda igihugu, agakunda abaco azomenya kurondera iyo bweze kugira asumire abenegihugu.

**36. Indongozi idashoboye ivyo, twovuga ko ata ndongozi irimwo. None kuva uno musu twese duhinduke, tube bashasha.**

Namwe mutarashikirwa kurongora abandi, namwe izo mpanuro zirabaraba, ni mube murimenyereza kugira ejo aho bukera muzobe akarorero mu bandi kandi ndetse turabakeneye twebwe indongozi kugira mutubere abahanuzi beza.

Ntihagire uwigira sindabibazwa mu gihugu, umwe wese kubutumwa yajejwe ni indongozi, kandi ategerezwa kuba akarorero mukwunga ubumwe bw’abo ajejwe.

**37. Ni kuri izo mpanuro mbere mperejeko, nsubira guhamagarira abarundi bose kuzirikana iyo twavuye, amakuba twacyemwo kubera ubumwe bwari bwahungabanye, umwe wese ace yigira inama avuge ati “CIRA IMOSO, NTIRIGASUBIRE”, hanyuma tugendere urukundo n’umwumvikano nk’uko bibereye.**

*Niharambe ubumwe mu Barundi,  
Niharambe Uburundi n’Abarundi,  
Murakoze.*

